

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar hal-hal anu baya patalina jeung métode panalungtikan, nya éta: 1) data jeung sumber data panalungtikan; 2) disain panalungtikan; esain panalungtikan; 3) métode panalungtikan; 4) wangenan operasional; 5) instrumén panalungtikan; 6) téhnik panalungtikan; jeung 7) téhnik ngolah data.

3.1 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data nya éta fakta émpirik anu dikumpulkeun ku panalungtik pikeun kapentingan ngaréngsékeun masalah atawa ngajawab panalungtikan. Ari sumber data nya éta mangrupa subjék di mana éta data téh nyampakna. Data dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing abstrak basa Sunda skripsi mahasiswa FISIP UNPAS nu ngawengku jurusan Ilmu Adminstrasi Negara, Kesejahteraan Masyarakat, Hubungan Internasional, Administrasi Bisnis jeung Ilmu Komunikasi, anu ngandung gejala interférens. Pikeun jurusan Kesejahteraan Masyarakat, teu kapaluruh ayana abstrak skripsi dina basa Sunda. Kukituna, sampel panalungtikan ngan ukur ngawengku opat jurusan nu dipilih sacara acak ti jurusan-jurusan di luhur nu gelarna taun 2007 nepi ka 2013.

Tina sajumlah sampel dipilih 40 abstrak anu réprésentatif, kalawan téhnik milih sampel sacara purposif. Sakumaha nurutkeun Arikunto (2010: 183), “Sampel purposif atawa sampel anu mibanda tujuan dilaksanakeun lantaran rupa-rupa tinimbangan saperti waktu, tanaga, jeung waragad anu kawatesanan.”. Abstrak-abstrak skripsi anu rék ditalungtik didéskrripsikeun dina tabél ieu di handap.


Tabél 3.1
Sumber Data

No	Jurusan	Jumlah
1.	Jurusan Ilmu Adminstrasi Negara	10

2.	Jurusan Kesejahteraan Masyarakat	10
3.	Jurusan Hubungan Internasional	10
4.	Jurusan Administrasi Bisnis	10
Jumlah		40

3.2 Disain Panalungtikan

Ari disain atawa bagbagan prosés panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku ngumpulkeun data, ngolah data, déskripsi data, nafsirkeun jeung nyindekkeun data panalungtikan. Dina ngumpulkeun data digunakeun téhnik studi pustaka kalawan maké instrumén kartu data. Téhnik dina ngolah data ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung. Sangkan leuwih tétéla, prosés dina ieu panalungtikan bisa digambarkeun sakumaha ieu di handap.



Gambar 3.1
Disain Panalungtikan

3.3 Metode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa bagian anu kawilang penting dina hiji kagiatan panalungtikan. Éta hal téh mangrupa tarékah pikeun ngahontal udagan dina panalungtikan. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif.

Ieu hal dilakukeun pikeun ngumpulkeun informasi faktual kalawan wincik jeung ngagambarkeun hal-hal nu jadi puseur panitén dina éta objék panalungtikan. Ieu métode dieuyeuban ku kagiatn prosés analisis sangkan nyangking pedaran teleb ngeunaan interférensinya dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS tina sababaraha sumber data anu saterusna dianalisis. Anu didéskripsikeunana nya éta perkara interférensinya morfologis jeung interférensinya léksikosemantis dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir ti nu maca, ieu di handap baris dijelaskeun kalawan écés ngeunaan wangenan operasional anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

- a. Interférensinya nya éta ayana pasosok basa dina hiji basa anu tangtu. Bisa jadi basa kahiji nu kacampuran basa kadua, atawa sabalikna. Interférensinya ogé bisa jadi ayana pasosok tina basa katilu. Kituna téh lumangsung bari silih pangaruhan di antara éta basa.
- b. Abstrak Skripsinya nya éta hiji tingkesan dina karya ilmiah pikeun mikanyaho eusi karangan dina waktu nu singget.
- c. Unsur morfologis nya éta nyoko kana wangun kecap katut prosésna. Wangun kecap nyoko kana kecap asal jeung kecap jembar minangka hasil prosés morfologis saperti ngararangkénan, ngarajék, ngantétkeun, jeung ngawancah. Kasalahan morfologis diukur ku kasalahan ngawangun kecap rundayan, rajékan, kantétan jeung wancahan.
- d. Unsur Léksikosematis nya éta nyoko kana makéna kecap katut hartina dina kalimah. Kasalahan léksikosemantis museur kana kasalahan makéna kecap

katut hartina disawang tina rélasi semantis nu ngawengku homonimi, sinonimi, jeung antonimi, kaasup kasaahan narjamahkeun. Interférénsi léksikosemantis muncul balukar kontakna basa Sunda jeung Bahasa Indonésia.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data jeung sistem tabél atawa sistem tabulasi.

3.5.1 Kartu Data

Kartu data dina ieu panalungtikan boga fungsi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Tujuanana sangkan ngagampangkeun dina nganalisis data sarta gampang nyieun kacindekana. Kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan katitén saperti gambar ieu di handap.

KARTU DATA

No:

Abstrak :(Kode: JU/W/T/P/B.)

unsur léksikosemantis :

a. Sinonimi b. homonimi c. antonimi d. Hiponimi

unsur morfologis :

a. Morfologis: 1. Ngararangkénan
 2. Ngarajék
 3. Ngantétkeun
 4. Ngawancah

Sumber Dokuméntasi: JU/W/T

Gambar 3.2
Kartu Data Panalungtikan

Keterangan:

Kode : JU = Jurusan, P = Paragraf, Br = Baris, W = Wasta, T = Taun

3.5.2 Sistem Tabulasi

Tabulasi data mangrupa téhnik pikeun ngawilah-wilah data anu disusun dina wangun tabél. Format tabulasi data nu digunakeun dina ieu panalungtikan dina wangun tabél nu ngawengku tabél interférénsi léksiko-semantik BI kana BS dina abstrak skripsi.

a. Tabél Data Interférénsi Wangun Morfologis

Tabél 3.2
Tabel Interférénsi Wangun Morfologis

No	Data	Morfologis				Kode
		Ngrkn	Ngrjk	Ngnt	Wnc	

Keterangan:

Ngrkn = ngararangkénan

Ngrjk = ngarajék

Ngnt = ngantétkeun

Wnc = Wacahan

b. Tabél Data Interférénsi Wangun Léksiko-semantis

Tabél 3.3
Gambar Tabel Interférénsi Wangun Léksiko-semantis

No	Data	Kode	Rélas Semantis				Katégori Harti		
			Homonimi	Sinonimi	Hiponimi	Antonimi	Murni	Serepan	Rékaan

3.6 Téknik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun meunangkeun data dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik studi dokuméntasi atawa téhnik téks. Téhnik studi dokuméntasi atawa téhnik téks dipaké pikeun ngumpulkeun data. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- a. Milih abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS.
- b. Motocopy abstrak skripsi ti perpustakaan.
- c. Ngawilah-wilah jeung nyirian data nu luyu jeung ambahan panalungtikan tina sumber datana.
- d. Nyalin interférénsi morfologis jeung léksikosemantis kana kartu data tur ngodeuan data.
- e. Ngitung persentase frékuénsi munculna kecap-kecap bahasa Indonésia nu aya dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téknik dina ngolah data ngagunakeun métode distribusional kalawan téknik analisis unsur langsung. Aya sababaraha tahapan dina ngolah datana, di antarana wae:

- a. Ngalakukeun réduksi data atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah. Dina hal ieu, dikumpulkeun sakabéh alat ngumpulkeun data panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satuluyna dikumpulkeun dumasar fokus masalahna. Analisis datana dimimitian ti ngawilah-wilah data abstrak skripsi nu jumlahna opatpuluh siki.
- b. Ngalakukeun tabulasi data nu mangrupa téhnik pikeun ngawilah-wilah data anu disusun dina wangun tabél. Teu béda jeung kartu data, tujuan digunakeunana tabulasi data téh sangkan ngagampangkeun dina nganalisis data sarta gampang nyieun kacindekanna. Format tabulasi data nu digunakeun dina ieu panalungtikan dina wangun tabél nu ngawengku tabél interférénsi wangun morfologis jeung tabél interférénsi wangun léksikosemantis.

- c. Nyieun papasingan data dumasar kana tujuan panalungtikan, nya éta wangun morfologis nu nyoko kana adegan ngarajék, ngantétkeun, ngararangkén jeung ngawancah jeung wangun léksikal dumasar rélasi semantis (homonimi, sinonimi, hiponimi jeung antonimi).
- d. Ngalakukeun analisis kana data interférénsi anu beunang dipasing-pasing.
- e. Ngalakukeun interprétasi data atawa napsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan.
- f. Nyindekkeun hasil panalungtikan, dumasar kana analisis hasil observasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu diinterprétasikeun dina kalimah pernyataan.